

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh dikasangtukan ku ayana ajén-ajén sosial nu nyampak dina kahirupan barudak jaman ayeuna, nu utamana mah jaman SMA. Ieu panalungtikan ogé ngayakeun hiji quésioner via *Google Form* anu judulna “*Penelitian Mengenai Nilai Sosial di SMA Pasundan 8 Bandung*” anu diasongkeun ka barudak SMA Pasundan 8 Bandung ti kelas hiji nepi ka kelas dua belas. Aya sababaraha patalékan anu diapungkeun ku panalungtik. Nilik kana hasil panalungtikan di SMA Pasundan 8 Bandung, yén ajén sosial dina kahirupan séwang-séwanganna masih kawilang gedé. Siswa jeung Siswina masih miboga rasa *respect* kana ajén-ajén sosial. Boh di luar lingkungan sakola atawa di jero lingkungan sakola. Dina ieu panalungtikan ogé medar ngeunaan unsur intrinsikna dina Novélét Rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés anu ngawengku téma, latar, galur/plot, penokohan, puseur sawangan, jeung amanat. Tuluy dina ieu panalungtikan ogé medar ngeunaan objék ajén sosialna dina Novélét Rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés anu ngawengku Gotong Royong/Gawé Bareng, Silih Bantu, Karukunan, Méré Naséhat, jeung Paduli Kana Nasib Jalma Séjén.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik téh ngagunakeun métode déskriptif analitik, dimana ieu panalungtik téh ngadéskripsikeun jeung nganalisis ngeunaan unsur intrinsikna jeung nganalisis ngeunaan naon waé ajén-ajén sosial dina bahan panalungtikan nyaéta Novélét Rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés. Tuluy, panalungtik ngagunakeun ogé intrumén panalungtikan nyaéta tabél data jeung kartu data.

Unsur intrinsik dina Novélét Rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés anu ngawengku téma, latar, galur/plot, penokohan/tokoh, puseur sawangan jeung amanat.

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tuluy aya ajén-ajén sosialna anu ngawengku sipat gotong royong/gawé bareng, sipat silih bantu, sipat karukunan, sipat méré naséhat, jeung sipat paduli kana nasib jalma séjén. Ieu dua hal téh kapaluruh dina Novélét Rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés.

Téma, dina ieu novélét rumaja *Jamparing* téh, nyaritakeun aya sosobatan di SMP Muhammadiyah anu mimitina mah can ngabalad atawa ngagéng. Tuluy aya hiji kajadian dimana ieu sosobatan téh anu eusina aya lima awéwé nyaéta Élis, Érin, Éla, Lina jeung Citra dibéré surat tangtangan ti génng BANGBARA nu asalna ti sakola séjén nyaéta SMP Negeri. Ieu génng awéwé téh méré ngaran génngna nyaéta JAMPARING CINTA. **Latar**, dina ieu novélét rumaja *Jamparing* téh aya sababara latar anu kapaluruh nyaéta latar tempat, latar waktu jeung latar suasana. Latar tempatna nyaéta Kacamatan di Sukabumi, Koperasi, Péngkolan, Handapeun Caringin di Juru Lapang, di Masjid Agung, di Ruang Kantor, Imah Élis, jeung Tegalan Ciganas. Tuluy aya latar waktu nyaéta isuk-isuk, rada beurang, poé Minggu, jam 11, sapeupeuting, jeung poé Minggu isuk-isuk jam salapan. Tuluy anu pamungkas aya latar suasana nyaéta ceurik, heureuy, sosobatan anu perhatian, jeung kondisi anu genting. **Galur**, anu dipaké ku pangarang nyaéta galur campuran atawa maju jeung mundur. Ieu pangarang ngagambarkeun kajadian ti mimit tuluy balik deui ka tukang, tuluy maju deui ka mimiti. **Penokohan/tokoh**, dina ieu novélét rumaja *Jamparing* aya sababaraha tokoh. Tokoh utamana nyaéta Élis, Éla, Érin, Lina jeung Citra. Tuluy tokoh tambahanna nyaéta aya Ema Élis, Bapana Élis, Bapa Kapala, Ketua Kelas, Pa Entoh, Si Oné, Si Omad, Si Nano, Si Aisyah, Téh Moni, Si Lésti, Si Anita, jeung Si Karl. **Puseur Sawangan**, dina ieu novélét rumaja *Jamparing* ngagunakeun puseur sawangan jalma ka tilu. **Amanat**, dina ieu novélét rumaja *Jamparing*, panalungtik manggih amanatna nyaéta sosobatan leuwih resep tibatan papaséaan.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan ngeunaan unsur intrinsik jeung ajén sosial dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé RéTTY Isnéndés, nyaéta dipiharep sadaya bisa

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngarjontakeun deui panalungtikan ngeunaan kasastraan, hususna dina ajén sosialna. Tétéla masih loba kénéh sabenerna anu masih bisa diguar dina ieu panalungtikan téh. Ku kituna, hususna ka para mahasiswa ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun bahan panalungtikan deui kahareupna.

5.3 Rékoméndasi

Dina panalungtik, moal leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkérana, sanajan dina ieu panalungtikan masih loba kénéh kahéngkéranna, nanging urang sadaya bisa nyokot kaonjoyanna tina ieu panalungtikan. Aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan anu baris dijéntrékeun, nyaéta

- 1) Pikeun panalungtik séjénna, perlu ayana panalungtikan ngeunaan ajén sosial anu objékna loba, teu saukur novélét hungkul, jadi dipihareup bisa leuwih luas deui nalungtik atawa medar ngeunaan ajén-ajén sosialna.
- 2) Perluna aya panalungtikan kahareupna, sabab dina ieu panalungtikan masih kaasup kana bagéan leutikna, nu utamana mah dina ajén-ajén sosialna.
- 3) Mugia masarakat sunda anu utamana nyaéta masarakat Indonésia, bisa leuwih paham deui kana ajén-ajén sosialna, jeung ogé leuwih bisa dilarapkeun kana kahirupan sapopoé.